दिन–शुक्रवार | दिनांक–29.03.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

बिहार मे विपक्षी महागठबंधन आइ चालीस लोकसभा क्षेत्र लेल सीट समझौताक घोषणा कऽ देलक। महागठबंधनक नेता लोकनि आइ पटना मे संयुक्त संवाददाता सम्मेलन मे सीट बंटवाराक घोषणा कयलनि। समझौताक अनुसार राजद छब्बीस सीट पर, कांग्रेस नओ सीट पर भाकपा माले तीन आ सीपीआई तथा सीपीआई एम एक–एक सीट पर चुनाव लड़त। समझौताक अनुसार राष्ट्रीय जनता दल सारण, पाटलिपुत्र, बक्सर, उजियारपुर, जहानाबाद, दरभंगा, बांका अररिया मुंगेर, सीतामढ़ी, झंझारपुर, मधुबनी, सीवान, वैशाली, हाजीपुर, सुपौल, वाल्मिकीनगर, पूर्वी चंपारण, शिवहर, पूर्णिया, मधेपुरा आ गोपालगंज लोकसभा सीट पर अपन उम्मीदवार ठाढ़ करत। ओतहि, समझौताक अनुसार कांग्रेस के किशनगंज, कटिहार, भागलपुर, मुजफ्फरपुर, समस्तीपुर, पश्चिम चंपारण, पटना साहिब, सासाराम आ महाराजगंज सीट भेटल अछि। एम्हर, भाकपा माले के आरा, काराकाट आ नालंदा सीट देल गेल अछि। पटना मे साझा प्रेस कॉन्फ्रेंस मे राजदक प्रदेश अध्यक्ष जगदानन्द सिंह आ कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष अखिलेश प्रसाद सिंह संग घटक दलक आनो नेता उपस्थित छलाह।

——————————————————

महागठबंधन मे सीट समझौता हेबाक बाद पूर्णिया संसदीय क्षेत्र के लऽकऽ घटक दलक मध्य टकराव उत्पन्न भऽ गेल। एक दिस राष्ट्रीय जनता दल जतऽ बीमा भारती के पूर्णिया मे चुनाव लड़बाक लेल प्रत्याशी बनौलक अछि ओतहि, कांग्रेस नेता पप्पू यादव सेहो एहि ठाम सँ कांग्रेसक झंडा फहरेबाक बात कहलनि अछि। आइ पूर्णिया मे एक संवाददाता सम्मेलन मे ओ कहलनि जे पूर्णियाक जनता कांग्रेस के चाहि रहल अछि आ ओ कांग्रेस सँ अलग नहि हेताह।

——————————————————

राज्य मे लोकसभा चुनावक पहिल चरण लेल चारि संसदीय सीट गया, नवादा, जमुई आ औरंगाबाद मे दाखिल कयल गेल नामांकन पत्रक जाँच काल्हि कयल जायत।एहि चरण मे बहत्तरि प्रत्याशी नामांकन पत्र दाखिल कयलनि अछि। सभ सँ बेसी बाईस प्रत्याशी गया लोकसभा क्षेत्र सँ नामांकन पत्र भरलनि अछि। ओतहि, औरंगाबाद सँ एक्कैस, नवादा सँ सत्रह

आ जमुई संसदीय सीट सँ बारह प्रत्याशी नामांकन दाखिल कयलनि अछि। नाम वापसीक अंतिम तारीख दू अप्रील अछि। एहि चारू संसदीय क्षेत्र लेल मतदान उन्नैस अप्रील के होयत।

———————————————————————

केन्द्रीय गृह राज्यमंत्री आ भाजपाक वरिष्ठ नेता नित्यानन्द राय दावा कयलनि अछि जे एहि बेर बिहारक सभ लोकसभा सीट पर एनडीएक जीत होयत। समस्तीपुर मे आइ मोदी संग बिहार वीडियो सॉन्ग के लॉचिंगक अवसर पर ओ राजद पर परिवारवाद आ तुष्टिकरणक राजनीति करबाक आरोप लगौलनि। ओम्हर, बेगूसराय मे सेहो केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह मोदी संग बिहार वीडियो सॉन्ग के लोकसभ लेल प्रस्तुत कयलनि।

———————————————————————

दरभंगा जिलाक हायाघाट प्रखंडक मझौलिया पंचायतक किछु मतदान केन्द्र पर आइ मतदाता जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कऽ लोकसभ शपथ ग्रहण कयलनि आ रैली निकालनि।

———————————————————————

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू काल्हि जननायक कर्पूरी ठाकुर के मरणोपरान्त भारत रत्न सँ सम्मानित करतीह। राष्ट्रपति भवन मे आयोजित होबयवला समारोह मे जननायकक पुत्र आ राज्यसभा सदस्य रामनाथ ठाकुर ई सम्मान ग्रहण करताह। प्राप्त जनतबक अनुसार मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो एहि कार्यक्रम मे सम्मिलित हेताह।

———————————————————————

जम्मू कश्मीरक रामबाण क्षेत्र मे बीतल राति भेल भीषण सड़क दुर्घटना मे बिहारक बगहाक नओ श्रमिक सहित दस गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि दुर्घटना पर दुःख व्यक्त करैत मृतकक निकटतम आश्रित के राष्ट्रीय आपदा कोष सँ दू–दू लाख टाका देबाक घोषणा कयलनि अछि।

———————————————————————

आइ गुड फ्राइडे अछि। प्रभु ईसामसीह के सूली पर चढेबाक स्मरण मे ई दिन मनाओल जाइत अछि। इएह दिन प्रभु यीशु मानवता के पाप सँ मुक्ति दिएबाक लेल अपन जीवनक बलिदान कयने छलाह। प्रभु यीशु के पुनर्जीवित हेबाक उपलक्ष्य पर रवि दिन ईस्टर समारोह मनाओल जायत। गुड फ्राइडे पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री

नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे प्रभु यीशुक कहल मार्गक अनुसरण सँ मानव समाजक कल्याण भऽ सकैत अछि। एहि अवसर पर राजधानी पटना समेत संपूर्ण प्रदेशक गिरिजाघर मे विशेष प्रार्थना सभाक आयोजन कयल जा रहल अछि।

———————————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे तापमान मे उतार–चढ़ावक स्थिति बनल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे एक पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय हेबा सँ अगिला अड़तालीस घंटा मे प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे ठनकाक संग आंशिक बरखा हेबाक संभावना अछि। एहि के लऽकऽ प्रदेशक दक्षिणी भाग मे येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।